

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu dipedar dina bab IV, aya tilu hal anu patali jeung Ragam Basa Sunda dina Épisode “Adik Kakak Yang Lieur” di Channel Youtube Fiksi Aunurofik nu ngawengku (1) ragam basa dumasar panyatur; (2) ragam basa dumasar undak usak basa; jeung (3) wangun kecap ragam basa.

Kahiji nyaéta ragam basa dumasar panyatur anu kapaluruh aya kapaluruh aya 4 nyaéta ragam basa *kolokial*, ragam basa *vulgar*, ragam basa *slang*, jeung ragam basa *argot*. Ragam basa kolokial aya 22 kecap, ragam basa vulgar kapaluruh aya 4 kecap, ragam basa slang kapaluruh aya 4, jeung ragam basa argot kapaluruh aya 10 kecap. Ku kituna, ragam basa kolokial remen digunakeun ku para panyatur nalika komunikasi lantaran digunakeun dina obrolan sapopoé.

Kadua, undak usuk basa ragam basa anu ngawengku ragam basa hormat (lemes), ragam basa wajar (loma), jeung ragam basa kasar (cohag). Ragam basa hormat (lemes) kapaluruh aya 45 kecap, ragam basa loma aya 23 kecap, jeung ragam basa kasar (cohag) aya 6 kecap. Ku kituna sipat kaformalan ragam basa anu remen digunakeun ku panyatur nyaéta ragam basa hormat (lemes) lantaran digunakeun pikeun hormat jeung ngajénan anu sagemblenna lain keur budak ngora hungkul tapi aya ogé keur kolor.

Katilu wangun kecap anu kapaluruh aya 3 nyaéta kecap salancar (asal), kecap rundayan, jeung kecap rajékan. Kecap rundayan kabagi jadi 13 rarangkén anu kaasup kana rarangken hareup, tengah, tukang, barung, jeung gabung. Kecap rajékan kabagi jadi 3 nya éta rajékan dwimurni, rajékan dwiréka, rajékan jeung dwipurwa.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan élmu pangaweuhan dina widang sosiolinguistik sarta bisa méré mangpaat pamahaman pikeun mahasiswa hususna ngeunaan ragam basa.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun panalungtikan ragam basa salajengna.

- 1) Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa nuluykeun panalungtikan ragam basa, sabab loba kénéh pasualan-pasualan an can kaguar tur kapalauruh ngeunaan ragam basa.
- 2) Guru dipiharep bisa ngawanohkeun ragam basa, hususna undak usuk basa ka siswa.
- 3) Masarakat dipiharep bisa leuwih kana ragam basa utamana dina undak usuk basa.